Утверждаю :
Зам. дир. по УВР
Гаджимагомедов

МКОУ «ЧИРКАТИНСКАЯ СОШ»

# Рагьараб дарс

**5 класс**

**Дарсил тема:**

# Раг1ул кьибил.



**Дарсил тема:** Раг1ул кьибил.

**Дарсил мурад:** раг1ул кьибилалъе бич1ч1и кьей, кьибил цоял раг1аби рат1а рахъизе гьунар бижизаби. К1алзул калам цебет1езаби

**Дарсил алатал:** компьютер, проектор, мультимедияб доска, карточкаби

## Дарсил ин.

Рорч1ами лъимал! Жакъа нуж рачине руго сапаралъ «Раг1ул г1уц1и» абураб улкаялде.

Сапаралда нилъеца рак1аризе руго ,лъимал, «балъголъаби».

Г1урус мац1алда гьелде щиб абулеб?(секреты).

Гьез нилъее кумек гьабизе буго дарсил тема бич1ч1изеги, хадур т1адкъаял т1уразеги.

Амма нилъ х1алт1изе ккола цоцалъ рекъон, к1вар кьун, жигаргун. Гьединал лъималазе гурони, гьеб улкаялъ балъголъаби рагьуларо.

Дарсил ахиралда нужеца къимат кьела нужерго х1алт1иялъе.

Сапаралде рахъиналде нилъеца цадахъ босизе ккела лъаялъул таргьа. Щибха нилъеца таргьиниб лъун босилеб?(Лъай, сапаралда кумекалъе.)

1. **Фронталияб гьикъи.**

   Ралагье экраналде гьенир кьурал предложениязул ахирал лъезе ккола нужеца:



***Раг1аби г1уц1ун рук1уна гьал бут1абаздасан . . .***

*аслу, ахир, кьибил, суффикс*

***Суффикс ккола…***

*кьибилалде т1адеги жубан, ц1иял раг1аби лъугьинарулел яги раг1ул форма хисизабулеб бут1а*

***Раг1ул ахир ккола предложениялъулъ…***

*маг1наялъул рахъалъ раг1аби цоцалъ рекъезе, раг1ул аслуялде т1аде жубалеб хисарулеб бут1а.*



***Аслу ккола . . . .***

*ахир нахъе рехун, гъоркь хут1улеб раг1ул маг1наялъе кьуч1лъун бугеб бут1а*

Х1алч1ахъадал! «Раг1ул г1уц1и» улкаялъ разиго рагъулел руго нужеда цере нуц1би.

**2. Щ1ияб дарс бич1ч1изаби.**

Гьалеха щвана нилъ.
Щалдай нилъеда анир ратила?
Щивдай нилъехъ анив валагьун ч1ун вугев, жиндирго лъай нилъее бикьизе.
Сундул балъголъаби нилъеца рак1аризе ругел?
Гьеб лъазе гьаб раг1улъа такрарлъула ругел х1арпал нахъе росе:

ТРТАТГ1ТУТЛТ
УКЬУИУБУИУЛУ

1. Гьале нухда т1оцебесеб балъголъи дандч1вана нилъеда. Гьеб балъголъи лъазе кьибилалъ кьураб т1адкъай т1убазе ккола.







Раг1ул кьибилалъул бак1алда нилъее кьун буго сурат.
Сураталдеги балагьун, бице кинаб кьибил гьениб бук1ине кколеб?(рохь)
Гьеб кьибилалдаса бат1и-бат1иял маг1наялъул раг1аби лъугьинаре.
Нужерго тетрадазда хъвай раг1аби, кьибилги бихьизабе.
Жиндилъ аслияб маг1на бугеб бут1а кинаб ккараб?
Кинаб х1асилха гьабилеб?(кьибил раг1ул бищун к1вар ц1ик1к1араб бут1а).

Х1алч1ахъадал! Т1оцебесеб балъголъи рехила нилъеца лъаялъул таргьинибе.

Х1алч1ахъадал! К1иабилеб рагъараб балъголъиги рехилин лъаялъул таргъинибе.

2. Гьале лъабабилеб балъголъи буго нилъеда цебе. Гьеб рагьизеги кьибилалъул т1адкъай т1убазе ккола. Нужеда цебе буго таблица, гьенир кьурал кьибилаздасан раг1аби лъугьинаре.

Гьуин – гьуинлъи, гьуинаб, гьуинлъизе, ц1ам – ц1амх1аллъи, ц1амх1алаб, ц1амх1аллъизе, лъик1 – лъик1лъи, лъик1аб, лъик1лъизе.

**3 БАЛЪГОЛЪИ**

**Цого кьибилалъул раг1аби бат1и-бат1иял каламалъул бут1абилъун ккезе бегьула**



| | гьуин | ц1ам | лъик1 |
|---|---|---|---|
| Предметияб ц1ар щиб? |  |  |  |
| Прилагательное кинаб? |  |  |  |
| Глагол щиб гьабизе? |  |  |  |

Кинал суалазе жавабалъун гьел рач1унел? Кинал каламалъул бут1абилъун гьел кколел?

Х1асил гьабилин: **Цого кьибилалъул раг1аби бат1и-бат1иял суалазе жавблъун рач1инеги бегьула, бат1и-бат1иял каламалъул бут1абилъун ккезеги бегьула.**

Ц1акъ лъик1 буго, лъимал. Нилъехъе щвана лъабабилеб балъголъиги, рехилин гьебги лъаялъул таргъинибе.

Щвана нилъ гьанже кьибилалъул минаялде. Жанире лъугьиналде х1ухьбахъи гьабизе буго. Г1енеккилин ралъдахъ, цадахъго беразе зарядкаги гьабилин.

**2**. К1иабилеб балъголъи батана гъанже. Гъеб лъазеги кьибилалъул т1адкъай т1убазе ккола.

**2 БАЛЪГОЛЪИ**

**Маг1на г1агарал раг1абазул г1аммаб бут1а кьибил ккола**






**Ахирана-ц1ибил ахиризе**

Гьал раг1абазул г1аммаб бут1а бихьизабе.

Гьадинал цо гьот1ол раг1абазда кинал раг1абиян абулел?(кьибил цоял)

Маг1на г1агарал раг1абазул г1аммаб бут1аялде щиб абулеб?

**Карточкабаздасан х1алт1и.** Столалда т1ад руго карточкаби.

Х1алт1и гьабизе буго к1и-к1и рекъон, тетрадазда.

Дица нужехъе кьурал раг1аби кьибил цоял ругищ?

Кьибил цоял гурезда гьоркьан мухъ ц1ала.

**2 БАЛЪГОЛЪИ**

**Маг1на г1агарал раг1абазул г1аммаб бут1а кьибил ккола**





**ц1ам,ц1амх1алаб,ц1ах1илаб**

**рахьанал, рохь,рохьихъан**

**рагъ, рагъизе, рахазе**

**къеч, къеркьезе, къечезе**

**чанахъан ,чанабилеб,чанил**

**чаран, ч1аразе, ч1ар**

**4.Физминутка.**



Раккилинха лъаялъул таргьинире. Щибха аниб бугеб? (кьибилалъул балъголъаби)
Кьибилалъе бокьун буго нилъер лъаялъул х1албихьизе.
Тесталъе бит1арал жавабал кьезе ккола.

**5.Тест**

| |
|---|
| **1. Кьибил ккола…** |
| **А) Раг1ул бищун к1вар ц1ик1к1араб бут1а** |
| **Б) Каламалъул бут1а** |
| **В) Предложениялъул бут1а** |
| **2. Маг1на г1агарал раг1абазул г1аммаб бут1а ккола…** |
| **А) Аслу** |
| **Б) Ахир** |
| **В) Кьибил** |
| **3. Цого кьибилалъул раг1аби…** |
| **А) Цо каламалъул бут1алъун ккола** |
| **Б) Бат1и-бат1иял суалазе жаваблъун рач1уна, бат1и-бат1иял каламалъул бут1абилъун ккола** |
| **В) Цого суалазе жаваблъун рач1уна** |

**6. Жалго жидедаго ч1ун х1алт1и.**

Х1алт1и 356, гъумер 129.

**7. Кицабалъ цого кьибилалъул раг1аби рате.**

**Ярагъ гьеч1ого чанаве арав, чан гьеч1ого вуссунев.**

**Чанил бице чанахъанасе, чол бице чот1охъанасе.**

**Гъудул гьаве х1ал бихьун.**

**Гъудуллъи багьадурасулгун гьабе.**
**8. Рокъобе х1алт1и.** **Кьибил цоял раг1абиги гъорлъе ккезарун, гьит1инабго сочинение хъвай «Дир гъудул» абураб темаялда.**

**Гьанже кье нужерго х1алт1иялъе къимат. Рорхе карточкаби.**

**Къиматал лъезе дневникалги росе.**

- дида дарсил тема бич1ч1ана, х1алт1улъ цониги гъалат1ги ккеч1о

- дида дарсил тема бич1ч1ана, амма 1-2 гъалат1 ккана х1алт1улъ

- дида дарсил тема лъик1 бич1ч1ич1о, х1алт1улъ г1емерал гъалат1алги ккана